



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 5 septanm 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REOUVÈTI BÒ DLO EAST RIVER STATE PARK WATERFRONT AMELYORE A**

### ***Reyalizasyon pwojè a a amelyore epi pwoteje teren pak bò dlo Brooklyn moun renmen anpil la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse bò dlo East River State Park la reouvri pou estabilize ak amelyore rivaj pak la. Pwojè \$526.000 ki fenk fini a pral pwoteje pak la kont ewozyon epi ede fini transfòmasyon ansyen tèminal espedisyon Williamsburg sou ray ak chalan pou l vin yon pak kominotè.

“East River State Park te gen gwo bezwen reparasyon ak modènizasyon apre kokenn dega li te sibi pandan pasaj Sipè Ouragan Sandy, men ak pwojè restorasyon sa ki fini an, nou rebati li pi byen pase anvan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pak sa bay Williamsburg ak katye nan zòn nan espas vèt enpòtan pou moun rilaks epi pwofite bò dlo Vil la, epi mwen fyè pou m wè li te relouvri jodi a. Se yon lòt egzan jan metòd nou itilize nan zafè retablisman apre siklòn – rebati pi solid pandan na p kenbe nan lespri nou siklòn ki gen pou vini an – ap kontinye refè kominote atravè Eta a.”

Plaj la ak gazon bò dlo popilè pak la te souffri deteryorasyon ak domaj pandan plizyè lane, tankou lè yon tyè nan pak la te inonde pandan Sipè Ouragan Sandy. Aktivite mare yo ak sikilasyon bato sou rivyè a kontinye ewode plaj la, ki founi espas piblik limite nan kominote a. Pandan dis dènye lane ki sot pase yo, plizyè pye plaj ak gazon pak la te pèdi akòz ewozyon.

Pwojè restorasyon rivaj la te gen ladann rekonstriksyon zòn tanpon ak mi soutènman ki fèt ak wòch la, ranplisaj ak sab plaj, enstalasyon yon ti mi ba ki fèt ak blòk granit yo rekipere nan pwent gazon an, adisyon nouvo plant endijèn, epi kreyasyon yon nouvo lansman kayak. Karakteristik dirablite pwojè a gen ladann kreyasyon kanal pwason nan blòk wòch yo pou anpeche pwason yo tonbe nan pyèj sou plaj la pandan mare bas, ak retire plan anvayisan, ak enstalasyon pi sèk pou ranmase dlo kap desann. Pwojè sa konplete seri amelyorasyon yo te pale de yo nan premye vizyon yo te genyen pou pak la, ki te louvri nan lane 2007.

Komisyonè State Parks Rose Harvey te di konsa, “Mwen gen yon chay rekonenans pou Gouvènè Cuomo poutèt li alatèt remanbreman ak modènizasyon East River State Park ak State Parks atravè New York moun renmen anpil yo. East River State Park se youn nan kèk kote nan Vil New York kote moun ka chita sou yon plaj natirèl. Pwojè sa pwoteje anviwonman natirèl bò dlo a, pandan tou li fè l vin pi rezistan epi pi atiran pou vizitè yo ka rilaks sou gazon pak la epi jwi vi ki genyen sou orizon Mahnatan nan.”

Pwojè \$526.000 a te jwenn bourad lajan inisyativ NY Work Gouvènè a, Environmental Protection Fund, ak lòt sous. Gouvènè Cuomo te lanse nan lane 2012 NY Works la kap vanse ak 279 pwojè amelyorasyon ak modènizasyon nan 109 pak eta a ak sit istorik atravè eta a.

Senatè Daniel Squadron te di konsa, “East River State Park se yon paradi vèt nan rejyon nò Brooklyn, ki founi espas ki te nesèsè pou rekreyasyon ak relaksasyon pou fanmi Williamsburg ak Greenpoint yo. Amelyorasyon ak restorasyon rivaj pak la, ak vi li yo sou Manhattan ak East River a, pral ede katye sa yo kap devlope kontinye pwofite sa pak la gen pou l ofri. M ap remèsye Gouvènè Cuomo pou travay li fè nan sans sa, epi m espere kontinye travay ak li, pak la ak kolèg mwen yo pou n fè East River Park vin pi bon ankò.”

Manm Asanble Joseph R. Lentol te di konsa, “Mwen te travay di pou transfòme paradi sa ki mezire 7 kawo tè ak la pou l vin yon pak eta gen kèk lane pase epi mwen kontan wè l ap vin pi bon. Grasa èd Gouvènè Cuomo nou kapab fè pak sa pi rezistan. Kounye a nou gen yon rivaj amelyore ak yon nouvo lansman kayak, nouvo plant ak yon bò dlo pi dirab menm. Menm lè katye Greenpoint ak Williamsburg yo gen espas pak limite, kolèg mwen yo alafwa nan vil ak eta a ap travay di pou asire sa nou gen an se bèl bagay.”

Manm Konsèy Vil New York, Stephen Levin, te di konsa, “Reouvèti East River State Park la se yon moman estraòdinè pou kominote nou an. Non sèlman li bay plis espas louvri ki te nesèsè, men li ofri tou yon ansanm vi nou pap kwè sou orizon Manhattan nan. Remèsiman mwen ale jwenn Gouvènè Cuomo, Komisyonè State Parks Harvey ak State Parks Department pou reyalizasyon pwojè enpòtan sa ak reouvèti bò dlo a.”

Jackie Meyer, Prezidan Friends of East River State Park, te di konsa, “Remèsiman nou ale jwenn Gouvènè Andrew Cuomo, Komisyonè Parks Rose Harvey, Manm Asanble Eta New York Joe Lentol, Senatè Eta New York Daniel Squadron ak New York State Office of Parks and Recreation and Historic Preservation pou kreyasyon, devlopman, pwoteksyon ak konsèvasyon bijou yo rele State Park sa ki klere plis jodi a ak chanjman figi rivaj bò dlo a, adisyon yon lansman kayak, plant, ak lòt amelyorasyon tankou nouvo balanswa pou teren je.”

Ed Janoff, Direktè Egzekitif Open Space Alliance for North Brooklyn, te di konsa, “Kwasans lotre jou nan North Brooklyn mete pi gwo presyon sou pak lokal pou yo ofri espas louvri rezidan bezwen pou fè egzèsis, respire lè fre ak pou rilaks yo. Kidonk Open Space Alliance for North Brooklyn (OSA) kontan anpil pou l wè restorasyon rivaj East River State Park la – yon anplasan lwazi esansyèl pou katye sa, ak yon cornerstone Greenpoint-Williamsburg Waterfront Open Space Master Plan. Ouvèti tankou sou plaj

natirel la ofri yon konpleman ideyal pou rive nan esplanad ak zòn bò dlo byen plante pak yo ki se pwopriyete vil la nan direksyon nò ak sid. OSA ta renmen ofri yon ‘mèsi’ sensè pou Gouvènè Cuomo, Komisyonè Harvey ak tout lòt moun nan State Parks ki te ede nan reyalizasyon sa.”

Sèt ak tè East River State Park yo se yon konbinezon vi kalte siperyè sou orizon Manhattan lan ak espas vèt louvri pou rekreyasyon ak relaksasyon, epi resevwa plizyè evenman espesyal popilè. Smorgasburg, ki fèt chak samdi nan pak la, te tounen yon destinasyon pou touris entènasyonal epi seri li a Summer Movie Nights gen anpil siksè bò kote fanmi nan zòn nan. Plis pase 1.3 milyon moun te vizite pak la nan lane 2013.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE